



Onè Respè pou Diyite Travay



**Yon Kout Lanbi pou Potekole Solidarite
Ak Travayè Jaden ansam ak Lòt Travayè
Ki San Pwoteksyon Nan Florid la**

An Dedikas A

Monseyè John J Nevins, DD

Evèk Dyosèz Venice, Florida

*Yon bon pwotektè ak yon bon gadyen
kap defann dwa tout travayè jaden yo ansanm ak fanmi yo*

Onè Respè pou Diyite Travay

**Yon Kout Lanbi pou Potekole Solidarite
Ak Travayè Jaden ansam ak Lòt Travayè
Ki San Pwoteksyon Nan Florid la**

FLORIDA CATHOLIC CONFERENCE

2006

Mesaj Monseyè yo ki nan Konferans Katolik Florid lan,

Pou tout pawasyen ak lidè pastoral, travayè jaden, mèt jaden, tout moun ki fè biznis ak otorite gouvènman, epi tout moun ki gen bòn volonte nan Florid la:

Nan youn nan prenmyè lèt li te ekri yo, pap Jan Pòl 2 raple kouman travay se yon bon bagay, jan li nesesè pou diyite moun. Travay egziste pou moun. Moun pa egziste pou travay. Verite sa a parèt fasil lè wap konsidere pwòp tèt ou. Vrèman vre, nou tou jou panse pwòp travay pa n lan dwe pèmèt nou viv alèz.

Mensèlman, èske ou gen menm konviksyon an lè n ouvri fenèt ou, wap gade moun kap rekòlte legim, kap koupe zèb, kap travay nan restoran, kap netwaye biwo, èske, nou menm ki pap fè dyòb sa yo, nou vrèman rekonèt yo se frè ak sè n nan Kris la kap travay pou diyite Bondye ba yo a? Oubyen èske nou konsidere yo annik kòm “travayè” kap travay pou nou kapab viv alèz, pou manje nou pa twò chè, oswa pou biznis nou kapab mache byen?

Si n ekri lèt sa a, se pa pou n lonje dwèt sou pèsonn, ni pou rabache menm vye pwoblèm yo. Entansyon pastoral nou kòm gadyen mouton Bondye yo, se rive fè tout moun kanpe sou menm pye sou prensip moral yo. Nou pa vle pou pèsonn nan Florida kapab “fè yon ti koutje nan fenèt li”, epi li pa wè se moun yo ye tankou tout moun, yo menm kap travay nan mitan nou yo. Nou pa vle pou pèsonn rete bra kwaze san li pa fè kichòy pou travay ak lavi moun sa yo kapab gen diyite ak espwa.

Nap lanse yon apèl bay chak moun an patikilye, gwo konpayi yo, enstitisyon yo, gouvènman an, epi Legliz la menm. Nap mande pou gen aksyon reyèl ki fèt pou sipòte libète ak jistis pou travayè agrikòl yo ansanm ak fanmi yo, an verite pou tout moun nan Florida kap fè dyòb san pwoteksyon.

Sou kisa nou baze n pou ekri sa n ekri a

Nan otòn septanm-desanm 2005 lan, Konferans Katolik Florida a te òganize yon kòlòk sou travayè jaden, e nou te envite apeprè 50 espesyalis konsa soti nan tout Florida ak tout Etazini. Se te pou youn te ka koute lòt san se pa laprès ak politisyen ki tap mennen jwèt la nan sans enterè pa yo. Se te sitou pou nou pran enfòmasyon nan men gwotèt save sa yo sou divès fason yo te wè koze agrikilti a ak travayè agrikòl yo jounen jodia. Rekòmandasyon nap prezante nan lèt sa a chita anpil sou bèl analiz patisipan yo te fè. Nou te fòme men n tout longè tou nan dyakout pwòp travay pastoral ojoulejou nou, paske nou gen ekip kolaboratè

Respekte Travay Moun

- Eske fason nou ak moun yo montre nou respekte diyite travay ak diyite moun? Oson se pa moun nou wè devan nou, men annik “depans anplis” oswa “moun ki ilegal”?
- Eske lwa ak enstitisyon nou yo pwoteje travayè? Oubyen èske nou annik konsidere moun yo kòm yon rejiman “travayè” ki la pou pwodui machan-diz?
- Eske nou bay “travay men moun’ onè li merite? Ou pito, eske nou konsidere sa nòmal pou anpil nan pòv travayè Laflorid yo oblije ap viv nan kalòj *trele* yo?

Kondisyon ki nesese pou jistis tabli

Dapre bèl tradisyon katolik nou an, jistis egzije 4 gwo prensip: respè pou **diyite** pèsònèl chak kreyenvivan jan Bondye ba li l la, respè **byenkomen** an, **sibsidyarite**, ak **solidarite**. Si yo te pran 4 prensip sa yo kòm gid, nan pwèn jou pou moun Florida ta akseptè pou tout bagay kontinye menmman parèyman. Nou tap toujou leve pye n chak fwa yon sityasyon ta prezante, kote, tankou pap Jan Pòl 2 te di sa, "nou ta nan pozisyon pou evite, oswa elimine, ou dimwen diminye yon seri bagay malouk kap fèt nan sosyete a". Nou pa ta janm kache kò n deyè pretèks kòmka "ou pa kapab chanje lemond". Okontrè, kit nou se konsomatè, oswa otorite kap fè lwa, ouvriye agrikòl, mèt jaden, oubyen lidè pastoral, nou tap toujou jwenn yon fason pou pote bonjan chanjman.

Pwogrè ak Reta

Nan ane 1977 la, Konferans Evèk Katolik la te fè parèt prenmyè dokiman l sou travayè jaden. Nan 30 lane ki pase depi lè sa a, nou te konstate kèk bèl pwogrè. Menzalò, kote dokiman sa a ap pale de moun pòv ki san sekou, se tankou w ta di anyen pat janm chanje.

Gen anpil bagay gouvènman an ta ka fè pou amelyore sityasyon travayè jaden yo ansanm ak fanmi yo, e se bagay, ni travayè jaden yo ni defansè kòz yo konn abitye pwopoze anpil fwa deja. Men kèk grenn egzanp:

- Mete plis lajan deyò pou lojman travayè kap fè va-e-vyen yo
- Mete règleman ki pi fò pou garanti sekirite nan travay lwa travay ki egziste deja yo avèk plis kòb ak bòn volonte politik
- Bay patwon yo ak travayè yo bon fòmasyon pou fè respekte dwa travayè ak sekirite nan travay
- Sèvi ak tribinal yo piplis pou pini vyolasyon lwa sou salè yo ak sou sekirite nan travay
- Mete règleman ki pi sevè pou oblije kontraktè yo peye salè yo jan sa dwa Fè aranjman pou travayè agrikòl ki pèdi dyòb yo kapab kalifye pou

Kiyès ki pwochen mwen?

- **2 manman pitit**, moun peyi Guatemala, ki te vin frape nan pòt deyè kay yon pawasyen nan Tallahassee pandan yo tap kouri pou bandi ki tap fòse yo fè jennès.
- **Travayè jaden** ki toujou ap soufri ak yon lagratèl, respirasyon difisil, oswa angoudisman epi kap mande poukisa gen kòb pou peye rechèch kap etidye dega pwodui chimik yo konsènan bèt ak jaden, men pa konsènan travayè yo.
- **Pitit travayè jaden** ki te leve isit yo men ki pa kapab peye kolèj akòz yon sityasyon ilegal yo pat ni chwazi ni kapab chanje.
- **Yon fi ki soti andeyò nan pati Sid Meksik e ki pale sèl lang espesyal yo pale kote sa a**, epi ki vin retwouve l pou kont li ak pitit li yo nan yon kalòj *trèlè* andeyo, pandan mari l menm ap travay nan jaden.
- **Travayè sezonye selibatè** kap abite 10 nan yon grenn kalòj *trèlè* ki tankou yon lanfè men poutan kap koute menm valè kòb yo ta ka lwe nenpòt chato kay nan bèl katye yo.
- **Imigran san papyè** kap pèdi tout ti ekonomi yo nan men yon seri rapas ki pretann yo kapab ede yo jwenn lisans oswa rezidans.

Sa pat fasil ditou pou reyalize chanjman onivo lalwa ak reglemantasyon yo. Rezon an se, an pati, paske mèt jaden yo toujou ap konbat depi se depans anplis, paske vrèmanvre biznis jaden an, se yon biznis ki deja frajil. Nou kapab konprann sa ekonomikman, men moralman, lè w vle evite yon règleman paske l se yon pwa lou pou ou, sa pa vle di ou kapab neglije alevwa aboli diyite yon lòt moun. Menzalò, fò n di

Siy ki montre nap viv nan yon epòk Globalizasyon

- Mèt jaden zoranj, sitron, oswa chadèk ki pi enterese nan **machin agrikòl otomatik**, paske teknoloji sa yo ta kapab bay yo yon avantaj sou peyi Brezil.
- **Travayè** yo ki pè machin sa yo pral fè rekòt la nan nouvo jaden ki donnen plis fwi yo, tandiske yo menm pwal keyi alamen sèlman nan ansyen jaden ki bay mwens donezon yo
- Administrasyon vil Florida yo ap diskite kesyon Sant travay la-jounen, epi politisyen yo ap pwopoze **dekrè minisipal** ki kapab mete gwo divizyon.
- Pandan imigran yo ap plenyen jan lekòl **anglè** gen twòp moun, jan yo twò lwen si w pa gen machin, oswa yo ouvè lè travay, Ameriken ki nan zòn lan menm ap mande poukisa moun sa yo pa janm vle aprann pale anglè.

tou, Leta pa ni kapab ni sipoze rezoud tout pwoblèm enjistis anjeneral—sa a se yon pwen nan ansèyman Legliz katolik ki te pran dè syèk e dè syèk pou devlope, e yo rele sa **sibsidyare**. Mèt jaden yo ta ka diminye sètafè travayè kap rapousiv yo nan Leta, si yo te annik aprann travayè yo kouman pou yo pwoteje pwòp dwa yo yomenm (pa egzanp, omwayen bon jan estaj antrenman sou sekirite nan travay ak sou dwa travayè, omwayen chita tandè kap pèmèt patwon ak travayè pale youn ak lòt, epi omwayen negosyasyon kat-sou-tab pa lantremiz sendika). Apadesa, kòm mache global entènasyonal la vin tounen yon fòs kap enpoze ni mèt jaden ni travayè fè sa yo vle, sa ta kab tounen yon bon teren d'antant kote ya aprann fè tèt an-sanm.

Sitiyasyon travayè agrikòl Florida yo nan epòk Globalizasyon mondyal sa a

Akoz pozisyon jeografik li, ak lòt kalite rezon, Florida twouve l nan mitan kè mouvman mondyal globalizasyon an. Yon mouvman dinamik konsa pa ta ka manke afekte dennyè dispozisyon administratif, kit onivo Eta Florida a, kit onivo lokal nan vil yo. Agrikilti nan Florida oblije ap chanje figi vit vit poutèt gwo gagann lap pran nan men globalizasyon an. Antant ki te siyen yo rele CAFTA a (Central American Free Trade Act), se vre li louvri pòt pou kèk biznis nan Florid la; men anmenmtan li kreye piplis konpetisyon pou

lòt yo. Pifò aktivite komès global la konsantre sou biznis makèt, restoran, ak magazen detay bezwen kay; se sak fè kliyan kap achte nan men mèt jaden ak magazen plant nan Florida yo, enben de jou an jou se va konpayi ki pi gran, pi egzijan, ki soti pi lwen jous nan ziltik. Avèk sa, mèt jaden yo vin pè pou gwo kliyan sa yo pa vire do ba yo, al chache apwovizyonman nan lòt peyi pito pase yal peye ata yon ti kal ogmantasyon pri pou kouvri menm yon aksantegi diplis pou travayè jaden yo.

Nan yon ka parèy, prensip **sibsidyare** a twouve l chavire tèt anba. Nan gwo machin distribisyon pwovizyon alimantè a, moun ki anwo yo fè ladènyè e yo fè dappiyanp sou pozisyon pouvwa ak sou benefis yo, tandiske se pi piti yo atò, mèt ak travayè jaden yo, kap toupizi, kap peye po kase a, depans ak risk yo.

Kesyon asavwa si nouvo tandans sa yo nan ekonomi Florida a pral sèvi oswa nui 4 prensip **diyite, sibsidiyarite, solidarite**, ak **byenkomen** nou te pale a, eben sa pa dwe depann de kèk “men envizib” ki ta sipoze ranje bagay yo otomatikman, men sa depann de nou tout. Nap priye an gras ni moun ki nan pòs ofisyèl yo, ni mèt ak travayè jaden nan Florida yo, pou yo pa konsidere tèt yo kòm **objè**, popetwèl, ki san rekou devan yon ekonomi kap mache san gade dèyè, mòrèd pwennfèpa, men pito se pou yo konsidere tèt yo kòm **sijè**, moun lib kap ajè, pa annik reaji, pou kreye kondisyon travay ak kondisyon komès ki jis e inivèsèl.

Li nesèsè pou ta gen pipilis diskisyon piblik kap egzaminen tout dimansyon moral dezizyon ekonomik nou yo, ki konsekans objektif nou fikse yo ak mwayen pratik nou pran yo kapab genyen sou lavi moun an jeneral. An nou gen yon espri ki ouvè, dekwa pou n kapab rekonèt nou gen yon idantite global, piske nou se manm limanite ki vrèman se yon sèl fanmi. “Nou se gadyen frè n ak sè nou yo, kèlkelanswa kote yap viv.”

Travayè yo dwe patisipe karebare

Nan lansèyman katolik la, selon jan Pap Jan Pol 2 te devlope l la: *“Dwa yon moun genyen pou l travay kapab twouve l menase si yo derefize travayè agrikòl yo posiblite pou yo patisipe angranman nan dezizyon kap pran lè yap decide bagay ki konsènen pwòp sèvis yo, oubyen li menase lè yo derefize yo dwa pou fòme asosiyasyon lib kap pèmèt yo avanse sosyalman, kiltirèlman, ekonomikman.”*

Danble nou sipoze patwon kap anplwaye ouvriye agrikòl yo se moun de bòn volonte. Sèl pwoblèm, sèke kèlkelanswa eklere patwon an ta eklere, oswa byen dispoze, yon kretyenvivan toujou bezwen gen mwayen patisipe karebare nan dezizyon ki konsènen travay li. Se yon senp kesyon de **diyite** l kòm moun.

Kèk siy solidarite kap bay espwa

- **Coalition of Immokalee Workers** la, **YUM!**, epi **mèt jaden kap apwovizyon** Taco Bell yo dakò sou yon mach-a-suiy pou ogmantasyon salè e yo dakò tou pou se travayè yo menm ki defini pwennpapwen yon Règleman jan pou ajè ak travayè, epi ki veye sou aplikasyon règleman sa a.
- Oganizasyon mèt jaden ak òganizasyon sendika travayè kap travay mennanmen pou yon **bonjan refòm imigrasyon**.
- **Florida Fruit and Vegetable Association** (yon òganizasyon mèt jaden) ansanm ak gouvènman Eta Florid la ak gouvènman vil yo, ki vin met avèk **Dyosèz Venice** lan pou okipe afè lojman travayè jaden yo.
- **Farmworker Association of Florida** (yon òganizasyon travayè) an ekip avèk mèt jaden ak moun save yo, kap kreye plizyè estasyon lavaj-men nan pepinyè yo, ak pwotèj-zye pou moun kap keyi fwi yo.
- **Joint Legislative Commission on Migrant and Seasonal Labor** (yon komite 2 chanm lejislatif yo: senatè ak depite) kap chita koute travayè agrikòl kap fè depozisyon sou afè lojman, pwodui chimik, kondisyon travay.
- Mèt jaden gran don nan Florida kap konstri bonjan **lojman** nèf pou travayè alevini yo.
- Eta Florid la kap aplike règleman ki pi sevè pou yo sèvi ak **machin agrikòl** yo avèk prekasyon. Gen lwa konsa ki pwopoze nan Kongrè a.
- Anpil pawas ak lekòl ki byen cho pou sipòte jounal *Florida Catholic* lè l te òganize yon kanpay de konsyentizasyon ki rele **Long-Sleeved Shirt Relief**.

Atò, mèt jaden deja gen pandye sou tèt yo move tan kap menase ak pri machandiz kap monte bese; nou rekonèt yo ka panse òganizasyon travayè vle di grèv, rekòt kap pouri sou pye, kidonk pètchèch. Natirèlman, depi w pap pran chimen kwochi, se yon dwa e menm yon devwa ou genyen pou w defann enterè pèsonèl ou.

Malgre patwon yo kapab santi yo tap menase si yo aksepte patisipasyon travayè, eben kenbe travayè yo tèt bese gen risk pa li tou. Lè jounal ap fè eskandal sou abi kap fèt nan biznis jaden an, eskandal sa yo sal tout biznis lan. Menzalò abi sa yo se enjistis kap fè mikalaw paske òganizasyon travayè yo twò fèb epi travayè yo nan laperèz. Menm jan transparans ede pou gouvènman an konnen li gen kont a rann, se konsa tou, lè travayè yo dekouvri ki pouvwa yo genyen, sa devwale malveyan kap fonksyone anbachal jounen jodia. Sa ta bon pou **byenkomen** an.

Sitiyasyon legal imigran yo

Sendika se annik youn nan zouti ouvriye agrikòl ak lòt travayè ki san pwoteksyon yo bezwen pou defann diyite yo. Yon lòt zouti, se ta yon refòm totalkapital nan sistèm imigrasyon an, e nou panse sa ta bon pou **byenkomen** an. Moun sa yo kap rapousiv dwa yo genyen kòm moun pou okipe pitit yo, peyi nou an ta dwe akeyi yo abrazouvè, etan nou tap annik distribye ase viza pou tout kantite dyòb sa yo ki la pou piyay, jan nenpòt moun kapab konstate sa. Tout travayè merite pou yo kapab jwenn pwoteksyon ak byenfè sosyal nòmal tankou èd pou moun ki pap travay ak *Social Security* si w vin andikapekòm. Nou pa menm bezwen pè pou pèsonn moun ki ta dèyè yon dyòb ta ka vin twouve l nan konpetisyon ak yon imigran pou menm dyòb la, konsideran jan imigran yo si tèlman frajil yo pa menm ka kanpe pou defann pwòp diyite yo. Trè zenpòtan: pou n ta abòde pwoblèm lan nan tout dimansyon l, fò n ta atake l depi nan rasin, paske okenn kretyenvivan pa ta janm dwe kouri kite peyi l, annik paske l vle viv nan diyite, soutni moun ki chè a li menm yo.

Se pa sèl travayè agrikòl ki nan pwoblèm

Lèt sa n ekri la a, li pale sitou de travay ak travayè jaden; men nou ta renmen fè remake se pa toujou fasil pou distenge travayè agrikòl ak lòt kalite travayè san pwoteksyon kap fè dyòb ak fòs ponyèt yo. Yo sot nen menm klas sosyal e yo sibi menm enjistis yo. Jounen jodiya, mas mendèv la ap fè lanavèt, yon va-e-vyen ant divès kalite biznis yo. Olye pou yap vwayaje ale-vini sot nan peyi yo dapre sezon jaden, anpil nan pawasyen nou yo travay kòm ouvriye agrikòl epòk jaden, men lè rekòt la fini yo tou rete pou fè travay konstriksyon oswa reparasyon kay.

Nan Florida, biznis otèl, konstriksyon, reparasyon kay/dedomajman siklòn, ak agrikilti, tout biznis sa yo gen menm karaktè: yo tout mande anpil mendèv, yo tout asezon, yo tout sèvi ak ajans pou anplwaye mendèv, epi yo tout peye yon ti krazè kòb, san byenfè tankou asirans, konje peye, vakans, etsetera. Gwo konpetisyon chenmanjechen mete anpil presyon sou ajans ak kontraktè yo, kifè yo blije ap ofri kliyan yo pipli sèvis posib pou pi piti salè posib, e kliyan sa yo kapab toujou pran pòz jamè ogranjamè yo pat konn anyen, lè gen moun kap denonse fason malonèt kontra yo aplike.

Pi gwo pwoblèm kap ravaje biznis jaden an rive rèdchèch nan lòt biznis yo tou: vann kreyenivan, esklavaj pou w fin peye dèt vwayaj ilegal ou Ozetazini, moun ki anpile youn sou lòt nan vye kay andegraba, moun kap travay 7chak semenn, timoun ki lage pou kont yo, abi seksyèl patwon yo, koutye kap fè komès ak kò medam yo, kontraktè kap pati ak lajan pewòl moun yo.

Kisa moun nan Florida kapab fè

Renmen pwochen w, fè zanmi ak etranje a

Prèske tout travayè agrikòl nan Florida soti nan yon gwoup minorite nasyonal oswa rasyal (an premye: imigran Meksiken ak Amerik Santral, mentou Ameriken Nwa natifnatal, Pòtoriken, Meksiken-Ameriken, oswa imigran ki sot Ayiti ak Azi di Sid-Ès). Se Levanjil nou an menm ki mande pou nou konsidere yo chak tankou pwochen n—tankou Kris menm ki la nan mitan nou—epi tann lamèn ba yo avèk amou, san n pa okipe ti diferans nou yo (Matye 25:35; Efezyen 2:19)

Diferans kiltirèl fasil toufe solidarite. Lè yon moun te pase tout vi l anba vant majorite peyi a, li ka difisil pou l konprann atachman moun yo pou pwòp tradisyon lakay pa yo. Li pap konprann nonpli ki masuife glise wap monte pou w resi dechifre yon kilti oswa yon lang ou pa abitye. Diferans konn pwovoke malantandi tou, e byen souvan malantandi sa yo pa menm detekte. Kolaboratè n ki nan ekip kap fè ministè ak plizyè kilti yo konn sa byen: chak moun gen tandans baze l sou pwòp lang pal, abitud pal, espèryans pèsònèl pa l, pou l entèprete pawòl ak aksyon lòt moun, e souvan li entèprete sa mal. Lamèn, prejije ak awogans pa twò lwen.

Renmen pwochen n mande pou n fè efò pou nou pale; men sa pa vle di nap eseye efase tout diferans nèt. Kilti, ras, nasyonalite, lang, espèryans pèsònèl, tou sa fè pati idantite yon moun kòm moun. Wi se vre, al viv nan yon lòt peyi mande pou w kapab adapte ak nouvo koutim yo, men nou pa ta ka atann imigran an pral debarase l ak ansyen idantite l, wete trip mete pay, kou pye l fin pase fwontyè a, touche tè bò isit la. Okontrè, an nou envite yo pataje ak nou tout bèl richès yo genyen lakay yo, dekwa pou sa ka sèvi **byenkomen** kominote nou yo. Dayè, laplipa travayè jaden yo, se pa dabò annik viktim, podyab tisoufri yo ye, men se avan tou moun konsekan, ki konn travay di, ki pa pè pran chans, ki devwe pou fanmi yo, e ki gen anpil bon bagay lakay a pataje, si nou vrèman ouvè kè n ba yo.

Pou kapab bati solidarite malgre diferans yo:

- Se pou tout enstityon katolik yo konsidere **delikatès pou lòt kilti yo** kòm yon kalite ki nesèsè pou w kapab travay nan nenpòt ministè oswa sèvis
- Bay kolaboratè nou yo bon jan **fòmasyon** pou yo aprann kominike klèman, avèk renmen nan Legliz nou an ki gen anpil kilti ladann
- **Tout moun ladann:** fè sa tounen règ jeneral, pou okenn anons pa fèt san se pa nan tout lang prensipal yo, epi bay tradiksyon otan k posib.
- Envite pawasyen yo ansanm ak kolaboratè n yo **pou yo etidye epi diskite ansanm Welcoming the Stranger Among US: Unity in Diversity (USCCB, 2000).**

Pou ankouraje solidarite kap soude kilti yo youn ak lòt nan Legliz la, nou te pran desizyon pou chak seminaris kap aprann fè pè nan St Vincent De Paul Regional Seminary aprann administre sakreman yo nan yon lòt lang. Nan Florida, ministè dyosezen ak ministè pawasyal yo bay sèvis sakreman oswa sèvis lekòl nan 16 lang konsa. Mezanmi, an n kontinye veye epi aji pou bati solidarite anndan Legliz nou an!

Nan Pawas nou yo

Pap Benwa 16 te ekri dènyèman pou l di pwogram kretyen an se devlope yon kè ki kapab wè kote k bezwen renmen, epi aji pou w mete l an pratik. Nou bezwen

“Wè ki kote k bezwen renmen epi aji pou mete l an pratik”

- Fè donasyon oswa patisipe kòm volontè nan ministè kap okipe zafè travayè jaden nan dyosèz ou a.
- Chèche konnen òganizasyon travayè jaden yo nan Florida, rete okouran aktivite yo, epi etidye ki bon fason ou te ka sipòte yo.
- Sipòte mèt jaden ak òganizasyon ki pa gen enterè komèsyal yo lè yo pwojte nouvo lojman pou travayè agrikòl yo nan kominote w la.

konnen ki konsekans sa gen sou lavi moun, lè nou vle achte bon fwi ak legim pou piyay. Fò nou pa lage travayè imigran yo, yo menm kap fè efò pou devlope nan espiritualite yo, nan sitiyasyon ekonomik yo, ak nan kè yo.

Pawasyen yo va kapab “wè kote k bezwen renmen” epi deside ki aksyon k’ bezwen fèt, lè lidè pastoral yo va louvri zye ak zòrèy yo etan yap envite kèk mèt ak travayè jaden vin pale pou rakonte sa yap viv. Fèt Thanksgiving lan ak Dimanch Travayè Jaden an se yon bèl okazyon pou aprann yo sa. Men sepandan, se *chak jou* nap kapab devlope bon konprann si n sonje remèsye Bondye pou manje k sou tab nou, ak pou moun sa yo ki te redi fè li ak men yo.

Nan Florid la, se detanzantan pawas yo ta dwe devlope okazyon—onivo litiji, vi kominotè, oswa sèvis ministeryèl—pou pèmèt moun diferan kilti yo rankontre youn lòt, aprann youn de lòt, zannana kou pengwen. Kòm posiblite nou ta site: Selebre Fèt Notre-Dam de Guadalupe, Patwòn Tout Amerik la, mete lekòl pou aprann anglè nan pawas la, epitou pou aprann fè manje panyòl ak apresye mizik ayisyen; òganize jounen pou gwoup jenn yo kapab fè esperyans travay jaden; oubyen mande yon asanble pawasyen pou yo chache dekouvri kijan chak pèp gen fason pa l mezire, kalkile epi sèvi ak tan kap pase a, ou byen mande yo dekouvri rasin kote tradisyon kiltirèl yo soti.

Pou sipòte jistis epi devlope yon solidarite, pawas yo ta dwe chache konnen si lè yap achte, sa ap sipòte jistis nan le mond ak jistis nan travay jaden yo, epi ede ranfòse kominote andeyò yo. Èske gen kèk biznis famiyal nan zòn lan, oswa mache legim kote yo te ka achte manje pou aktivite pawasyal yo, oswa plant ak flè pou dekore Legliz la? Lè se posib, èske pawas la achte fwi e legim ki te pwodui gras a mendèv ki òganize an sendika? Èske, apre lamès, pawas la sèvi kafe ki konfòm ak jistis pou peyi pòv yo daprè echanj komèsyal onèt? Èske pou fèt Nwèl, pawas la vann atizana ki soti peyi pòv, men ak pri dacha ki respekte jistis nan echanj komèsyal yo, defason pou ouvriye atizana nan peyi soudevlope yo kapab okipe pitit yo san yo pa bezwen kouri kite ti bouk kote yap viv la?

Anndan lakay ak nan fanmi nou

Pwoblèm nap souolve la yo konplike anpil pou n pa di global-mondyal. Kisa atò yon grenn Floridyen kapab fè pou montre solidarite l avèk ouvriye agrikòl ak lòt travayè san pwoteksyon yo, ansam ak fanmi yo?

Prenmyè pa a, se lapriyè, paske lapriyè fè n pa janm bliye jan Bondye beni nou, jan lòt yo bezwen nou, jan nou dwe aji an solidarite ak yo. Nap envite tout fanmi yo pou chak lè yo pral manje yo di Bondye mèsi pou manje k'sou tab yo, *epi* pou kokenn travay kache mèt jaden ak travayè agrikòl yo ap fè ak men yo a.

Yon dezyèm pa, se etidye pwoblèm nou souolve la yo pou n kapab vin gen yon konsyans ki konprann sa sa ye diyite moun, diyite travay moun, epi ki konsekans moral sistèm kap pwodui manje nan mond jodia genyen. Konferans Nasyonal Katolik pou Lavi Andeyò a (National Catholic Rural Life Conference) te byen trase liy prensipal yon "moral katolik pou lavi andeyò." Men nan Eta Florid la, nou ta pi fasil sentre pwoblèm yo si nou pran tan al fè konesans pèsònèlman ak mèt jaden ak travayè agrikòl yo, koute yo. Epitou nou kapab vizite wèbsayt Pwojè Konferans Katolik Florida a pou Solidarite avèk Travayè Jaden an (Florida Catholic Conference Farmworker Solidarity Project).

Chak moun apa oswa an famiy kapab montre solidarite li, si li vin fonde oswa patisipe nan youn nan aktivite pou pawas nou deja detaye nan dokiman sa a. Anplis li kapab:

Fè kichòy... men fè l etan w toujou sonje travayè yo dwe patisipe

- Toujou sonje travayè yo kapab deside yo menm kisa ki pi enpòtan pou yo. Respekte sa. Epi lè nap bay donasyon pou òganizasyon travayè yo, pa konplike koze a ak yon pakèt kondisyon devan deyè.
- Solidarite vle di nap mache kòtakòt. Koute travayè yo lè yap di sak enpòtan pou yo. Fè yo patisipe angranman nan kèlkeswa sa wap planifye pou reponn a bezwen yo.
- Chwazi lè yo pap travay pou fè reyinyon ak aktivite gwoup.
- Fondasyon charitab yo ak lòt kalite byenfetè yo kapab ede ranfòse òganizasyon ti gwoupman alabaz yo etan yap rann demach pou jwenn donasyon pi senp.

- Ekri ofisyèl piblik yo, oswa moun kap fè editoryal nan jounal yo, pou l di jan l sipòte direktiv Leta kap leve diyite travayè yo, ranfòse sekirite mèt jaden ki nan Florida yo, devlope kominote andeyò ki anfòm, epi tabli kont-a-rann nan endistri lamanjy la.
- Chèche dekouvri mache kap vann pwodui agrikòl dirèkteman yo, dekwa pou l sipòte yon sistèm pwodiksyon-distribisyon manje ki dirab e ki baze sou fwi ak legim ki byen fre, natirèl, ki ale ak sezon yo.
- Devlope yon sans jistis nan fason d'aji li ak nan opinyon lap esprime. Solidarite avèk pwochen nou, sa mande pou n sonje nonsèlman konbyen kòb sa ap koute pou n mete yon pwodui sou tab lakay nou, men tou konbyen gout syè, ki soufrans sa te koute yon moun pou l te pwodui l.

Atravè tout Legliz Katolik nan Florida

Asosiyasyon travayè agrikòl yo toujou ap di n ki jan sitiyasyon yo makonnen ak sa kap pase nan koulwa ak koridò gwo konpayi yo. Lli ta bon pou gwo enstitisyon katolik tankou lopital ak inivèsite yo egzaminen pi fon jan yo menm, kòm anplwayè, envestisè, oswa achte angwo, ta ka nan yon “pozisyon pou evite, oswa eliminen, ou dimwen diminye yon seri bagay malouk kap fèt nan sosyete a.” Nan yon mond kote gwo konpayi yo vin ap rekonèt deplizanpli jan yo gen yon responsablite anvè lasosyete, nan yon epòk kote yap dekouvri deplizanpli se pratik ki responsab sosyalman yo ki pi rantab, vrèman vre, envestisè ak kliyan angwo yo *byen plase* pou ankouraje yon konsepsyon travay ki pi moral.

Anpil nan enstitisyon Legliz yo deja gen direktiv pou yo envesti yon jan ki responsab sosyalman. Pou byen di, anpil enstitisyon katolik te manm fondatè epi sipòtè fidèl nan Florida Community Loan Fund lan (Fonlajan pou Prete Kominote nan Florida), li menm kap envesti nan òganizasyon pou devlope kominotè san enterè komèsyal yo. Espesyalis maton ki te nan Kòlòk sou Travayè Jaden an te fè n wè sa klè: pou direktiv sa yo vin gen plis repondong, li ta nesèsè pou **dyòb deskripsyon** nan anplwa n ap ofri bay direktè ak administratè nan dyosèz, inivèsite, ak lopital katolik yo, mansyone yap gen pou pran desizyon ki responsab sosyalman, ni onivo envestisman, ni onivo acha angwo, ni onivo depatman afè anplwaye ak resous imèn. Kòm nou rekonèt chak desizyon nap pran mande yon analiz espesyal, kit pou sipòtè travayè lè yap fè grèv kont yon pwodui, kit pou chwazi yon lòt kote ou kapab achte pwovizyon, kit pou apiye yon rezolisyon envestisè yo, nap invite dirijan enstitisyon yo pou yo kapab planifye davans jan yo pral pran desizyon sa yo, etan yap mete alekri ki prensip ki responsab sosyalman yo pral suiv pou envesti, pou anplwaye moun ak pou achte angwo.

Lekòl ak inivèsite katolik yo ta dwe bay pitit travayè agrikòl ak jenn imigran san papye yo yon chans etan yap swa enskri yo, swa ofri yo leson patikilyè oubyen *skolachip bous d’etid*. Gen twòp pitit travayè jaden ki plen ak talan epi ki ret ap gade devan yo annik yon avni san pèmi travay, san mwayen pou peye kolèj. Yo vin dekouraje, e sa w tande a, yo kite lekòl bonè paske yo deja fin reziyen y’apral mennen yon lavi di, ap bourike menm jan ak paran yo.

Nan jaden ak nan mache

Travayè ak mèt jaden nan Florida ta gen enterè met ansanm pou defann kòz yo. Toukòm travayè a, mèt jaden an depann de moun kap siyen chèk li ya: nan ka sa a, kliyan kap achte nan men l yo. Menwala, kliyan sa yo ap soti deplizanpli lwen jous nan ziltik, e se de gwo konpayi entènasyonal kap egzije pri ki pi ba posib, zafè pa machann lan sa sa te koute l. Nap lanse yon apèl bay tout makèt kap vann an detay yo, konpayi kap transfòme manje yo, e lòt sa kap achte pwodui agrikòl Florida yo, pou yo fè w refleksyon, rekonèt yo jwe yon wòl nan enjistis kap fèt depi anwo jis anba sistèm lamanjay la. Nap mande pou yo travay ansanm ak machann ak travayè yo, dekwa pou yo ta pote bonjan amelyorasyon nan kondisyon anplwaman travayè jaden yo

Kòm sosyete, nou dwe rekonèt epi eseye diminye diferans egzajere ki egziste ant moun ki gen pozisyon ak pouvwa ak sa ki pa gen anyen menm. Se sa nou rele yon okazyon de peche, sètadi yon sitiyasyon kote li sitèlman fasil pou w ajì enjisteman anvè moun ki pi fèb pase w yo.

Nap bat bravo pou lidè agrikòl ak ofisyèl Leta ki te pran chans vin patisipe nan Kòlòk Travayè Jaden nou an, paske vrèman yo te sou menm pye d'egalite ak lidè travayè jaden yo. Nou ta swete pou chita-tande sa yo fèt pi souvan, paske yo ede patisipan aprann respekte youn lòt. Nap priye machann-detayan yo pou yo antre tou nan chita-tande sa yo.

Pou kapab gen yon bon sistèm ki va pèmèt patisipasyon travayè yo, sa pral mande tout moun chanje fason yo. Nan yon espri de rekonsilyasyon, nap priye tout moun san zeksepsyon, pou youn eseye jije lòt dapre eksperyans ak jefo kap fèt jodiya. Pa jije davans aksyon lòt la ap poze jodiya sou baz bagay ki te pase deja, sou baz detay istwa kèk move eksperyans pèsonèl pa w.

Yon mendèv an sante, byen antrene, byen peye, ala yon bon bagay pou travayè yo; *epi* sa pote estabilite, fidelite ak efikasite pou patwon yo. Mèt jaden yo ansanm ak asosiyasyon pa yo pa ta dwe *sou la defansiv* lè travayè ap prezante pwoblèm yo. Okontrè pito yo ta bay bon egzanp pou lòt parèy yo ka suiv. E sa ki ta dwe toujou nan tèt yo, se kreye kondisyon pou ta gen yon mendèv stab, ki la tout ane a. Sa ankourajan lè n wè biznis agrikilti nan Florida kap delivre yon setifika bay mèt jaden ki respekte règleman selon yon kòd de konduit. Travayè jaden yo ta dwe gen dizon yo lè yap chita ak mèt jaden yo pou ansanm yo pran dispozisyon pou fikse minimòm sa ki akseptab epi pou monte yon sistèm siveyans kap fè aplike minimòm sa yo, si vrèman yo vle pou kòd de konduit la sèvi bezwen yo toulède genyen pou bagay yo klè e jis.

Sistèm nou gen koulyeya kote se ajans kontraktè kap bay mendèv la travay, sa vrèman louvri pòt la twò laj pou abizan yo esplwate povrete ak ensekirite moun yo. Ajans kontraktè pa ta dwe sèvi kòm yon mwayen pou w pa responsab dapre ki kondisyon yap anplwaye ouvriye yo, ni kòm yon mwayen pou dejwe asosiyasyon travayè yo. Menm kontraktè kap fè plis abi a kapab parèt serye e efikas si ou se yon patwon ki pa sousye. Nap lanse yon apèl bay tout moun sa yo kap sèvi ak mendèv ajans, pou tanpri yo gen ase responsablite moral pou chèche konnen si pri yap peye a pa two bèl pou pa ta gen kèk bagay dwòl pa anba.

Nan Leta

Nou pral fè kèlke brèf kòmantè ki baze sou eksperyans travay nou, ni avèk moun ki gen pouvwa deside ni avèk travayè jaden; e nap ranmase sa ki valab pou Florida nan deklarasyon Konferans Evèk Katolik Etazini yan te fè, sa pa gen lontan.

Ofisyèl Leta ak otorite yo ta dwe sispann pran pòz kòm kwa ti bebe ki pa kriye pa bezwen tete, “**pa d plent, pa d pwoblèm**”. Travayè jaden pa moun kap pale. Sa sòti nan espès de travay yap fè ya, epi sa sòti nan ensekirite yap viv nan travay yo ak nan pwoblèm imigrasyon yo. San rezidans, laplipa travayè jaden pral demake otorite yo. Konsa tou, anpil travayè soti nan peyi kote yo konsidere biwo Leta kòm bagay kowonpi oswa initil. Sèl sa ki ka bay rezilta, si Leta vrèman vle dekouvri pwoblèm travayè agrikòl yo, se leve pye w, mache sou yo ak tout delikatès pou kilti yo.

Gouvènman Florida a ap fè gwo investisman pou devlope teknoloji avanse pou yo kapab diminye jan yo depann de mendèv a bon mache pou biznis touris ak agrikilti. Chanjman sa yo ka sèvi **byenkomen** an toutotan yo va bay tout moun chans egal-ego pou yo fè yon ti souse nan "nouvo ekonomi an", toutotan tou na konsakre lajan ak materyèl ki nesèsè pou ede mèt jaden yo, travayè yo, fanmi yo, ak tout bitasyon yo, pou yo kapab adapte ak chanjman yo.

Nou anfavè pou yo ta tabli nouvo reglemantasyon kap ede timoun fanmi travayè imigran yo reyalize rèv yo, pa egzanp si yo ta pèmèt yo peye ekolaj kolèj kòm rezidan Florida, menm si yo pa gen papyè rezidans ofisyèl, akondisyon yo te abite nan Florida yon minimòm ane epi yo te rive gradye lekòl segondè (*High School*).

Toukòm enstitisyon Legliz yo konn abitye fè (nou pale de sa deja), nou ta renmen envite enstitisyon Leta oswa prive kap administre gwo magokòb rezèv pou pansyon retrèt yo, pou yo ta suiv politik d'investisman ki konsekan sosyalman.

Gouvènman an ta dwe kontinye bay pri lojman abòdab premye plas nan ajannda yo, e fò yo ta fè yon chita-tande pou koute reklamasyon popilasyon ki konsènen yo.

Tout moun nan Florida konn sa k rele siklòn...Men se pa tout ki konn sa k rele *dezas*

- Lè yon siklòn pase, non sèlman travayè agrikòl yo sibi gwo pèt paske kay yo se annik kalòj *trèlè* tou fèb, men **anplis** yo pèdi travay yo tou paske tout jaden kraze.
- Etan done jan sistèm imigrasyon nou an mal fèt, pifò travayè jaden nan Florida pa kalifye pou resevwa asistans Leta (onivo Federal oswa Eta Florida a) bay pou ede moun ki pèdi kèk jou travay, oubyen lòt kalite pwogram sekou pou sinistre.
- San rezèv ekonomi, san asirans, travayè agrikòl yo mare nèt paske, sitou pou sa k fèk vini yo, yo pa pale anglè, e yo pa konn debwouye yo nan sistèm peyi an.

Preparasyon pou dezaz. Florida se yon Eta ki deja yon lidè nan zafè preparasyon ak repons an ka dezaz. Nou ta kapab ranfòse avans sa a si nou te pran konsyans kijan travayè ti salè ak imigran yo ap rankontre pwoblèm ki espesyal. Si depi byen avan yon dezaz rive, nou ta fè kèk preparasyon nan sans sa a, sèvis sosyal yo, ofisyèl Leta yo, ak travayè jaden yo ta ka vin gen plis konfyans, plis konpreyansyon youn ak lòt, e yo ta wè jan sa ta rann repons a dezaz la tèlman pi anfòm. Konferans Evèk Florida a deja tanmen yon travay nan sans sa a etan lap fè eksperyans ak yon pwogram konsa nan 2 kominote.

Dirijan Fllorida yo ta dwe pran an konsiderasyon ki konsekans sa ka gen sou lavi moun yo lè yap sipòte tèl ou tèl politik echanj komèsyal, espesyalman konsekans sou mèt ak travayè jaden nan Etazini ak aletranje. Dirijan Florida yo ta dwe fè kanpay devan gouvènman federal la pou yo ta prevwa kèk dispozisyon nan lwa entènasyonnal yo ki va anpeche monopòl ak machenwa, dekwa pou kontwole defòmasyon pri yo nan mache a, defòmasyon ki lakoz si tèlman anpil pwoblèm pou mèt jaden ak travayè agrikòl yo.

Etan done l se yon eta ki gen youn nan endistri agrikilti ki mande plis mendèv yo, Florida vrèman bezwen nouvo teknik d'apwòch pou **estabilize mas mendèv agrikòl ki disponib sou mache a**. Si ta gen pipilis dyòb kap dire tout ane a, bonjan dyòb aplentan, sa ta pèmèt ouvriye agrikòl yo touche plis kòb nan ane a, yo ta ka vin entegre nan kominote nou yo, e anplis sa ta kreye pi bon konprann ant anplwayè ak anplwaye yo.

Nouriti an kantite, Kominote andeyò ki solid. Prensip **sibsidyarite** a ankouraje pou moun yo kapab ede tèt yo. Pwogram devlopman ekonomik Florida a ta dwe apresye epi sipòte endistri agrikòl li a, ki vrèman pèmèt nou nourir tèt nou ak kominote riral nou yo. Gouvènman an ta dwe ede agrikilti a devlope solisyon nèf pou regle pwoblèm presyon global kap defye l yo, san sa pa mete plis chaj sou kondisyon difisil travayè yo.

Sante ak Sekirite Respè pou diyite yon travayè vle di n'ap pran swen sante l ak sekirite l menm jan nou ta pran swen sante ak sekirite pwòp tèt pa n. Respè pou diyite yon mèt jaden mande pou n tabli epi aplike règleman ki klè, kap mache. Se pou tèt sa nou pral pwopoze kèk mwaye ki kapab reyalize respè sa a: pi bon estaj antrenman pou montre mèt ak travayè jaden yo sèvi ak pwodui chimik yo; pi bon kominikasyon ant enspektè sekirite yo ak travayè jaden yo; konsakre plis kòb pou ka gen enspektè ki konprann kilti yo e ki pale 2 lang; peye pou fè rechèch sou pwodui chimik yo, sou teknik amelyorasyon travay, ak sou pwoblèm aksidan nan travay agrikòl; epi mete sou pye nouvo metòd pratik dapre rezilta rechèch sa yo.

Ofisyèl ki pap travay pou imigrasyon (pami lekòl ofisye polis ak asistan sosyal) pa ta dwe gen okenn responsablite nan zafè imigrasyon. Sèk lwa imigrasyon yo konplike anpil, epi ofisyèl ki pa byen antrene fasil fè erè ki kapab koze domaj pou fanmi imigran ki la legalman yo. Kòm nou poko gen yon bon jan refòm sistèm imigrasyon onivo federal, nou panse l pi bon si yo suiv lwa Eta Florida yo ak lwa minisipal vil yo, paske lwa sa yo mande pou yo trete tout moun Florida menmjan, san fè diferans si yo gen papyè ou pa, tankou n wè sa nan ka pèmi d kondui.

Sèvis piblik kap mache dwat. Ofisye polis ak lòt sèvis piblik bezwen bonjan ankadreman, antrenman, ak règleman pou asire yap respekte e pwoteje moun ki nan gwoup minorite yo ak popilasyon riral ki sou bitasyon lakou yo.

Kontinye fè jefò pou entegre imigran yo anndan kominote n yo epi pou diminye izòlman yo, pou pa kite yo ret apa pou kont yo. Pou kapab kreye respè ak apresyasyon pou sa moun vini yo kapab pote kòm kontribisyon kiltirèl, e pou aktive jan yap entegre, jan yap tranpe kò yo nan kilti ameriken lan, sa ta vrèman ede **byenkomen** an si nou ta debouse plis kòb pou gen plis ofisyèl ki pale 2 lang, plis lekòl pou aprann pale anglè, aprann entegre nan kilti peyi a, ak pou aprann fè kèk aktivite nòmal nan peyi a.

Yon apèl pou solidarite

Atravè tout levanjil yo, Jezi wè epi li pran tan pou l montre bon kè l ak sousi l pou moun sila yo ke tout lòt moun, ata menm apot yo, pa ta menm pran an konsiderasyon.--pa egzanp fanm Samaritèn lan, ti moun yo, moun kap mande la charite yo, moun kisoufri maladi lalèp la yo, ak pèseptè yo.

Nan Levanjil Matye a (25: 31-46) Jezi di fè atansyon ak sila yo ki konprann yo bon epoutan ki pa janm ni wè ni renmen moun vivan sa yo lasosyete mete sou kote. Se lafwa kretyèn nou ki mande pou n konnen n genyen yon obligasyon moral pou n wè pi piti nan frè ak sè n yo kap viv nan mitan n yo, epi reponn avèk amou e solidarite, menm jan ak bon Samariten an ki te ede yon etrange k te nan bezwen.

Renmen toutbon ak solidarite pran rasin yo nan respè pou lòt moun lan, paske moun sa a gen *menm* diyite avè w. Travayè jaden yo se moun kap fè yon kalite travay ki di anpil, ki rapid anpil, nan kondisyon ki difisil. Anpil fwa se riske yo te riske vi yo, vwayaje lwen lakay yo, dekwa pou yo te kapab okipe fanmi yo. Yo pa bezwen papabonkè oswa pitye. Sa yo bezwen avan tou, se respè pou diyite yo kòm moun. Depi gen sa, otomatikman pral gen bon relasyon avèk yo nan travay ak nan kominote an.

Ositou, pwòp diyite pa n mande pou n se sijè aktif e responsab ki vrèman mèt lavi yo, pa annik konsomatè avèg ki pa konnen e ki pa vle konnen sa kap pase, ki kalite travay krazezo ak mannèv malouk anndan mache a kap pèmèt bezwen moun nou satisfè. Nou tout nou gen yon responsablite pou nou kale je n pou n wè sityasyon ozalantou nou yo, e pou n sipòte chanjman.

12 Desanm 2006
Fèt Notredam Guadalupe
Patwòn tout Lamerik la

NÒT A LA FEN

1. *On Human Work* (Washington DC: United States Catholic Conference Publishing Services, 1981), 14.
2. Sou keksyon wòl Legliz la pou l "pwoklame Levanjil la nan mitan sosyete lap viv la", tyeke Konsèy Pontifikal Jistis e Pè a, *Compendium of the Social Doctrine of the Church, 2nd ed.*(Washington, DC: United States Conference of Catholic Bishops, 2005), seksyon 62-71, avèk Benoit 16, *Bondye se renmen* (Washington, DC: United States Conference of Catholic Bishops, 2006), SEKSYON 28A.
3. Sou kesyon libète moun lan, tyeke *Compendium*, espesyalman seksyon 135-37 epi 199-200. Sou kesyon jistis la, tyeke *Compendium*, seksyon 201-203.
4. Tyeke nan *Compendium*, seksyon 160 e suivan.
5. Jan Pòl 2, *Reconciliation and Penance* (2 Desanm 1984), seksyon 16.
6. *Reconciliation and Penance*, seksyon 16.
7. *Determining Our Destiny: Agriculture and Farm Labor in Florida* (Tallahassee: Florida Catholic Conference, 1977).
8. Pami pwogrè yo: sispann yo sispann fè moun travay nan jaden kann, paske se yon travay twò danjere; Redlands Christian Migrant Association kap kreye, avèk sipo òganizasyon mèt jaden yo, yon seri de bon gadri pou timoun piti; bon travay yon bann nouvo òganizasyon travayè jaden ap fè, ansanm ak nouvo gwoup defansè yo; Endistri fwi, legim, plant ak flè kap grandi nan pati nan mitan Florida Santral la, kap pwodui dyòb estab, dirab, pandan tout ane a; kòb Eta Florid la mete la espesyalman pou finanse pwojè lajman pou travayè agrikòlyo.
9. Tyeke : *For I Was Hungry & You Gave Me Food: Catholic Reflections on Food, Farmers, and Farmworkers* (Washington, DC; United States Conference of Catholic Bishops, 2004), 20-24.
10. Dapre prensip *sibsidyari*te a, ni Leta, ni lòt gwo òganizasyon sosyal pa gen dwa fòre kò yo nan plas yon moun oswa yon gwoup moun, depi yo kapab debwoye yo pou kont yo.". *Catechism of the Catholic Church, 2nd editin* (Washington, DC: United States Catholic Conference, 1997), seksyon 1894. Tyeke tou seksyon 1883 ak 1884.
11. Pou konnen sa Jan Pòl 2 te ekri sou kesyon konsidere travayè a kòm yon sijè, pa kò yon objè, tyeke *Compendium*, seksyon 270-75
12. Administrative Committee of the USCCB, *Faithful Citizenship: A catholic Call to political Responsibility* (Washington, DC; USCCB Publishing, 2003), 15.
13. *On Human Work*, seksyon 21.
14. Tyeke Jan Pòl 2, *On Social Concern* (Washington, DC: United States Catholic Conference, 1987), seksyon 37.
15. Robert Williams, kap travay pou Migrant Farmworker Justice Project la, te prouve, nan Kòlòk Travayè Jaden nou te fè nan mwa Septanm 2005 lan, ke travayè jaden nan Florida yo ta ka rantrè bokou plis kòb si yo te kapab kalifye pou jwenn èd pou chomaj, diminyin taks, ak lòt pwogram ki la pou travayè an jeneral, depi yo kalifye.
16. Divès kalite dokiman devlope verite sa a, tyeke pa egzanzp, deklarasyon Konferans Evèk Etazini yo ak Konferans Evèk Meksik yo te fè ansanm ki rele: *Strangers No Longer: Together on the Journey of Hope* (Washington, DC: USCCB, 2003) epi tyeke tou pwòp deklarasyon pa n, nou te fè nan mwa Mas 2006 lan, "Hear the Immigrants' Cries for Justice."

17. Anplis, jenn moun yo pa rete lontan nan tavay jaden an. Kadans antresoti nan travay la rapid, kifè mèt jaden yon pa janm asire e yap depanse tout tan pou antrene nouvo moun.
18. Pou plis detay sou jan Labib la mande nou akeyi etranje yo, tyeke *Strangers No Longer*, chapit 2, epi sou repons pastoral la nou dwe bay la, chapit 3.
19. Tyeke *Strangers No Longer*, paj 5-9.
20. *Bondye Se Renmen*, seksyon 31b.
21. Nou ka jwenn kèk lide pou litiji oswa pou entriksyon moun yo sou Dimanch Travayè Jaden an nan www.flacathconf.org/farmworkers.
22. Yon jan nou ta kapab fè sa, se pwogram Catholic Relief Services Fair Trade lan. Tyeke www.crsfairtrade.org
23. Tyeke "A Catholic Rural Ethic for Agriculture, Food and Community." www.ncrlc.com/ruraletic.html
24. *Reconciliation and Penance*, seksyon 16.
25. Tyeke United States Conference of Catholic Bishops, *Socially Responsible Investment Guidelines* (Washington, DC: Office of Finance/Accounting Services, 2003).
26. Tyeke *Welcoming the Stranger Among Us: Unity in Diversity* (Washington, DC: USCCB, 2000), *Strangers No Longer*, ak *For I Was Hungry and You Gave Me Food*.
27. Tyeke *Bondye Se Renmen*, seksyon 31a.
28. Pou nou menm, yon moun se yon "sijè aktif e responsab ki se pwòp sous devlopman pèsonèl li, ansanm ak kominote kote lap viv la," *Compendium*, seksyon 133.



Florida Catholic Conference
201 W. Park Avenue
Tallahassee, FL 32301-7715
(850) 222-3803
www.flacathconf.org/farmworkers/

Disponib an anglè ak an espanyòl tou.

© 2006 Florida Catholic Conference